



# ATTUCKS MIDDLE SCHOOL

Cambridge Global Communications Academy

*Excellence for Every Student Every Day!*

Cassandra Adderley, Principal



17 Fevriye, 2022

## SIJÈ: Prentan 2022 PANORAMA SONDAJ POU ELÈV PATISIPE

Lafanmi:

Apò ak kòmantè elèv nou yo gen anpil enpòtans pou lekòl nou an! Nan mwa Mas, nou pral mande elèv yo reponn kesyon yon sondaj dopinyon. Repons elèv-yo va pèmèt nou konnen pwenndvi ak pèsesyon elèv-yo genyen de anviwonman lekòl la; n'ap aprann piplis sou li de ak panse-yo sou sèten sijè tankou fikse bi e sitou si yo gen konfyans nan materyèl pedagogik ki prezante nan saldeklas. Rezilta sondaj dopinyon va fè-nou konnen kijan nou ka pote amelyorasyon nan lekòl nou an epi ofri pi bon èd nan devlopman sosyal ak emosyonèl elèv nou yo.

An plis patisipasyon nan evalyasyon Konpetans nan Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl (*Social and Emotional Learning Competency assessment*), SBBC va divilge done sa yo bay Panorama grasa platfòm transfè fichye sekirize:

1. Nimewo Idantifikasyon (ID) Elèv
2. Prenon ak Siyati Elèv
3. Klas Elèv la ap fè
4. Sèks Elèv la
5. Ras Elèv la
6. Nivo konpetans elèv la nan lang angle kòm ELL (Aprenan Lang Angle)
7. Elèv la Douwe
8. Elèv la ap resevwa Edikasyon Espesyal
9. Non klas ak Nimewo seksyon
10. Non Pwofesè ki Deziye

Si ou pa vle pitit ou reponn kesyon sondaj dopinyon, tanpri konplete fòm sa epi retounen ni bay pwofesè pitit ou nan lòt twa (3) jou lekòl. Si anplwaye lekòl la pa pran nouvèl ou nan lòt twa (3) jou lekòl, manb estaf lekòl la va bay pitit ou sondaj la pou li reponn kesyon-yo.

Nou ankouraje epi apresye patisipasyon pitit ou.

Mèsi.

---

### PANORAMA FÒM NOTIFYE CHWA OU POU ELÈV LA PATISIPE NAN SONDAJ LA

Non konplèt elèv la: \_\_\_\_\_

# ID Elèv la: \_\_\_\_\_ Klas elèv la ap fè: \_\_\_\_\_

Non Paran (Ekri an lèt detache): \_\_\_\_\_ Siyati Paran: \_\_\_\_\_

***(Teachers, please return this form to Ms. Tait)***